**दिन—सोमवार** **दिनांक—21.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी युवा, किसान आ महिला लोकनिक आकांक्षा के पूरा करबाक लेल असाधारण गतिक आवश्यकता पर जोर देलनि अछि। प्रधानमंत्री आइ नव दिल्ली मे सतरहम सिविल सेवा दिवसक अवसर पर सिविल सेवक लोकनि कैँ संबोधित करैत कहलनि जे देशवासी लोकनिक सपना अभूतपूर्व ऊँचाई पर पहुँच रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकारी योजना सभ के जमीनी स्तर पर पहुँचायब शासनक कुशलता के देखबैत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार जाहि नीति सभ पर काज कऽ रहल अछि आ जे फैसला लऽ रहल अछि, ओ अगिला हजार बरखक भविष्य के आकार देत। एहि अवसर पर श्री मोदी लोक प्रशासनक क्षेत्र मे उत्कृष्ट योगदानक लेल प्रधानमंत्री पुरस्कार सेहो प्रदान कयलनि।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चौबीस अप्रैल के मधुबनी मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान कतेको कल्याणकारी योजना सभक शुरूआत करताह। प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के लऽकऽ तैयारी अंतिम चरण मे अछि। एहि बीच उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मधुबनी मे तैयारी के जायजा लेलनि आ झंझारपुर मे एनडीए नेता लोकनिक संग बैसक कयलनि। श्री चौधरी जनौलनि जे प्रधानमंत्री श्री मोदी पीएम आवास योजनाक आठ लाख लाभुक सभ कैँ राशि जारी करताह। श्री मोदी राज्यक चारि नव एयरपोर्टक निर्माण काजक शिलान्यास करताह। प्रधामनंत्री जयनगर—पटना नमो भारत एक्सप्रेस ट्रेनक शुरूआत सेहो करताह। प्रधानमंत्रीक दौरा के लऽकऽ लोक सभ मे जोरगर उत्साह अछि।

———————————————————

राज्यक ग्रामीण इलाका सभ मे चारि सय पचास सँ बेसी पुलक निर्माण होयत। ग्रामीण कार्य विभागक अधिकारीक सूत्र जनौलनि जे एखन एहि पुलक डीपीआर

बनाओल जा रहल अछि। विभागीय मंजूरी भेटला पर एहि पुलक निर्माणक लेल जुलाई धरि टेंडर जारी कऽ देल जायत।

———————————————————

नगर विकास एवं आवास विभागक मंत्री जीवेश कुमार कहलनि अछि जे प्रदेशक सभ जिला मुख्यालय समेत एकतालीस शहर सभ मे शवदाह गृहक निर्माण कयल जा रहल अछि। एहि योजना पर दू सय अड़तालीस करोड़ सँ बेसी राशि खर्च कयल जायत। विभागीय विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे सुपौल, जहानाबाद आ अरवल मे योजनाक तहत काज पूरा कऽ लेल गेल अछि। छत्तीस शहर सभ मे काज चलि रहल अछि। जखनकि बाढ़ नगर परिषद आ झंझारपुर नगर परिषद मे निर्माण काजक लेल निविदा आमंत्रित कयल गेल अछि।

———————————————————

राष्ट्रीय जनता दल विधानसभा चुनाव के देखैत संगठनक विस्तार कयलक अछि। पार्टी राष्ट्रीय स्तर पर आठ नव प्रवक्ता कँ मनोनीत कयलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव अब्दुलबारी सिद्दीकी एहि संबंध मे पत्र जारी कयलाह अछि। जारी सूची मे दिल्ली विश्वविद्यालयक प्रोफेसर डॉक्टर श्याम कुमार, पटना विश्वविद्यालयक प्रोफेसर उत्पल बल्लभ, बी. आर.ए विश्वविद्यालय मुजफ्फरपुरक प्रोफेसर राकेश रंजन, मगध विश्वविद्यालयक प्रोफेसर अनुज कुमार तरूण आ जे.पी विश्वविद्यालयक प्रोफेसर दिनेश पालक नाम सम्मिलित अछि।

———————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान मे वृद्धिक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गया, औरंगाबाद, अरवल, रोहतास, शेखपुरा, गोपालगंज, बक्सर, भोजपुर समेत प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे अधिकतम पारा अड़तीस डिग्री सेल्सियस के पार पहुँच गेल अछि। किछु स्थान पर गर्म हवाक प्रवाह सँ जन–जीवन प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिन धरि राज्यक अधिकांश भागक अधिकतम तापमान मे चारि सँ छओ डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि होयबाक संभावना अछि। संगहि कतेको स्थान सभ

पर लू चलबाक आशंका सेहो अछि। विभाग एहि लऽकऽ येलो अलर्ट सेहो जारी कयलक अछि।

———————————————————

भारतीय वायु सेनाक सूर्य किरण टीम शौर्य दिवसक अवसर पर बाईस आ तेईस अप्रैल के पटना मे एयर–शो के आयोजन करत। भाजपा सांसद आ पूर्व केन्द्रीय मंत्री राजीव प्रताप रूढ़ी एयर–शो के स्वीकृति प्रदान करबाक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक आभार जतौलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री रूढ़ी जनौलनि जे पहिल बेर पटना मे एयर–शो के माध्यम सँ महान स्वतंत्रता सेनानी बाबू वीर कुवँर सिंह कैँ सलामी देल जायत। ओ जनौलनि जे काल्हि होयबला रिहर्सल शो सँ पहिने आइ विमान सभक जांच–पड़ताल कयल गेल।

———————————————————

केन्द्रीय कोयला एवं खान राज्य मंत्री सतीशचंद्र दूबे आइ भागलपुर मे डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर जयंती समारोहक अंतर्गत एक संगोष्ठि के संबोधित कयलाह। कार्यक्रमक आयोजन भाजपाक जिला इकाई दिस सँ कयल गेल।

———————————————————

अररिया जिलाक भरगामा थाना क्षेत्र सँ पुलिस आर्म्स एक्ट मामिला मे फरार पाँच अपराधी के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

पश्चिम चंपारण जिलाक बाल्मिकीनगरक थारी गाम सँ वन विभागक टीम एक गोट बारह फीट लंबा कोबरा साँपक रेस्क्यू कयलक अछि। विभागीय टीम द्वारा ओहि साँपक जटाशंकरक जंगल मे सुरक्षित छोड़ि देल गेल।

———————————————————

समाप्त